

Li Fasil pou Fè Konpòs sou Twotwa!

Lè nou fè konpòs la, sa pèmèt
nou kenbe kay nou ak katye
pi pwòp.

Lè nou mete fèy ak fatra lakou,
rès manje, ansanm ak papye
ki sal ak manje yo nan poubèl
ki gen kouvèti ki byen fèmen,
sa pèmèt nou kenbe rat yo
lwen e kenbe ri nou yo pwòp.



nyc.gov/CurbSideComposting | rele 311
Swiv nou @NYCsanitation



sanitation


Men Kijan Pou Fè Konpòs

Yo pase ranmase konpòs la chak semèn nan jou w fè resiklaj ou a!

Fèy ak Fatra Lakou


Separasyon an obligatwa.

- Mete l nan nenpòt poubèl ki gen etikèt sou li (55 galon oswa mwens) epi ki gen yon kouvèti ki byen fèmen oswa nan poubèl mawon Depatman Sanitasyon Vil New York (New York City Department of Sanitation, DSNY) la ba w la, sachè an papye w yo ki gen zèb ak fèy yo, oswa nan sachè plastik ki transparan w yo.
- Gwoupe ti branch ak branch yo avèk fisèl epi mete yo sou twotwa ki bò kote poubèl oswa sachè yo.



Kras Manje ak Papye ki Sal ak Manje

- Mete l nan nenpòt poubèl ki gen etikèt sou li (55 galon oswa mwens) epi ki gen yon kouvèti ki byen fèmen oswa nan poubèl mawon DSNY la ba w la.
- Mete yon sachè andedan poubèl ou a pou l kapab rete pwòp.
- Mare sachè a avan w depoze poubèl la sou twotwa a pou yo kapab pase ranmase li.
- Make adrès ou sou poubèl la.



Remak: Yo pa otorize okenn dechè peyzaj pou fè piblisite. Ou dwe mete tout dechè alimantè yo nan yon poubèl ki gen yon kouvèti ki byen fèmen. Piga mete sachè ki gen dechè alimantè yo dirèkteman sou twotwa a. Ou kapab melanje dechè alimantè yo avèk fèy ak fatra lakou sèlman lè se yon poubèl ki gen yon kouvèti ki byen fèmen w ap itilize.

Tikonsèy pou Separe Dechè Alimantè ki Anndan Lakay Ou a

- Mete yon sachè andedan resipyen kwizin ou an.
- Netwaye resipyen w yo trè souvan.
- Konsève dechè yo nan frizè pou anpeche yo bay odè.

Ak Kisa pou Fè Konpòs

Fèy ak Fatra Lakou

plant, fèy, ti branch, zèb



Rès Manje

fwi, legim, vyann, zo, pwodui letye, manje ki prepare



Papye ki sal ak Manje

napkin, sèvyèt, sachè te, filt kafe, bwat pitza



Pa
Mete

Resiklaj: metal, vè, plastik, katon, papye ki pwòp ak bwat katon

Fatra: anbalaj, poupou bêt domestik, dechè medikal, kouchèt, kim, pwodui ijyenik

Resous GRATIS yo

- Kòmande otokolan pou poubèl yo, fèyè ki gen tikonsèy, ansanm ak afich pou met nan kay nan [nyc.gov/SanitationMaterials](#).
- Jwenn yon Aktivite Kote Y ap Remèt Konpòs (Compost Giveback) toupre ou nan [nyc.gov/GetCompost](#).
- Mande yon prezantasyon pou rezidan w yo, oswa mande resipyen kwizin gratis nan [on.nyc.gov/EventRequest](#).

Learn more at nyc.gov/curbsidecomposting or call 311.

ALBANIAN Mësoni më shumë në nyc.gov/curbsidecomposting ose telefononi 311.

ARABIC تعرف على المزيد عبر الرابط nyc.gov/curbsidecomposting أو اتصل بالرقم 311.

BENGALI আরো জানার জন্য nyc.gov/curbsidecomposting দেখুন বা 311 নম্বরে ফোন করুন।

CHINESE 請瀏覽 nyc.gov/curbsidecomposting 或致電 311 以瞭解詳情。

FRENCH Plus d'informations sur nyc.gov/curbsidecomposting ou par téléphone au 311.

GREEK Μάθετε περισσότερα στην ιστοσελίδα nyc.gov/curbsidecomposting ή τηλεφωνήστε στο 311.

HAITIAN CREOLE Jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/curbsidecomposting oswa rele 311.

HINDI nyc.gov/curbsidecomposting पर और अधिक जानें या 311 पर कॉल करें।

ITALIAN Per ulteriori informazioni consultare nyc.gov/curbsidecomposting o chiamare il 311.

KOREAN 자세한 내용은 nyc.gov/curbsidecomposting에서 확인하시거나 311로 전화하십시오.

POLISH Więcej informacji: nyc.gov/curbsidecomposting lub nr 311.

RUSSIAN Узнайте больше на сайте nyc.gov/curbsidecomposting или позвоните по телефону 311.

SPANISH Obtenga más información en nyc.gov/curbsidecomposting o llame al 311.

URDU [نیک گورنمنٹ کے 311 پر مزید جانیں یا کال کریں۔](http://nyc.gov/curbsidecomposting)

YIDDISH לערנט מערכ ב"י nyc.gov/curbsidecomposting רופט 311.

Li Fasil pou
Fè Konpòs
sou Twotwa!

nyc.gov/CurbSideComposting | rele 311

Swiv nou @NYCsanitation

CCEF-23BK: CURBSIDE COMP EDU FLY BK F23 HC



sanitation